

17

desanm

Pa janm bouke fè byen paske si nou pa dekouraje, n a rekòlte lè lè a va rive. Galat 6. 9

Se pou moun nou yo aprann fè sa ki byen tou, pou yo bay lè gen ka neseseite. Tit 3. 14

Fè sa ki byen

“Fè byen” : tout kretyen dwe fè byen. Li gen devan li egzanp Senyè Jezi te bay nan fè byen, sovè li, li menm ki te pase toupatou sou latè ap fè byen pou moun (Travay 10. 38). Apot Pyè fè nou sonje e li egzòte nou pou n pratike sa ki byen pandan n ap suiv Jezi, li menm ki modèl pafè nou, menm sa ta fè yo souffri. “Si lè nou byen, nou sipòte tou sa p ap fè nou souffri poutèt byen nou fè a, sa se yon bèl bagay devan Bondye” (1 Pyè 2. 20). Fè byen san n pa janm dekouraje, sa se devwa kretyen an nan yon monn kote ki gen anpil egoyis.

Nan chache pwòp enterè yo tout tan, fè pèp yo toujou ap goumen antre yo, toujou gen konfli nan mitan manm fanmi yo, ansanm ak endividi yo nan sosyete a. Kretyen an pa dwe janm bliye sa li ye a se sèlman grasak Bondye ki fè l konsa. Si li apresye vrèman gras sa a, li va moutre l jan li toujou prepare pou li bay, ede e sèvi pwochen li.

Eske nou vle gen plis jwa ? Nap jwenn li chak fwa nou eseye jan nou kapab ede yon lòt frè parèy nou soulaje kondisyon l ap viv la. Ann pote èd nou bay moun ki pi pòv yo, ann vizite moun ki izole yo ak moun ki malad yo, lè sa a n a wè pwòp fado nou yo vin mwen lou. Kontak nou ak soufrans, mizè ak gwo fado lòt yo, lè sa a n a pran konsyans de privilèj nou yo. Bagay sa yo va ankouraje nou plis pou nou pèsèvere nan sèvis priyè yo ak nan aktivite byenfezans yo. Konsa, nou va gen yon bon kominyon avèk Senyè a.

17

décembre

Ne nous laissons pas de faire le bien, car, en temps voulu, nous moissonnerons, si nous ne défaillassons pas.

Galates 6. 9

Que les nôtres aussi apprennent à être les premiers dans les bonnes œuvres. Tite 3. 14

Faire le bien

“Faire le bien” : tout croyant est appelé à s’y appliquer. Il a devant lui l’exemple du Seigneur Jésus, son Sauveur, qui sur la terre est passé de lieu en lieu en faisant du bien (Actes 10. 38). L’apôtre Pierre le rappelle et il exhorte ses frères à pratiquer le bien en suivant Jésus, le parfait modèle, même si cela les amène à souffrir. “Si vous souffrez en faisant le bien et l’endurez, c’est digne de louange devant Dieu” (1 Pierre 2. 20). Faire le bien sans se lasser, tel est donc le devoir du chrétien dans un monde où il y a tant d’égoïsme.

La recherche ardente de ses propres intérêts a pour conséquence directe d’incessants conflits entre les peuples, entre les individus, dans les familles. Le croyant ne devrait jamais oublier que ce qu’il est, il le doit seulement à la grâce de Dieu. S’il apprécie vraiment cette grâce, il le montrera par sa promptitude à donner, à aider et à servir son prochain.

Aspirons-nous à plus de joie ? Nous la trouverons en essayant chaque fois que nous le pouvons d’alléger les conditions de vie de nos semblables. Venons en aide aux moins favorisés, visitons les isolés et les malades, nous trouverons notre propre fardeau plus léger. Ce contact avec la souffrance, et la vue de tant de misères physiques ou morales nous rendront plus conscients de nos privilèges. Ils nous engageront à plus de persévérance dans le service important de la prière et de la bienfaisance. Et surtout, en cela nous servirons le Seigneur.